

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan, jeung instrumen panalungtikan. Ieu panalungtikan téh kagolong kana panalungtikan kualitatif. Ratna nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ngagunakeun cara-cara atawa léngkah-léngkah nu sistematis pikeun nafsirkeun masalah dina wangun déskriptif (2015, kc. 46). Lian ti éta Moleong (dina Arikunto, 2013, kc. 22) nyebutkeun yén panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtikna ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkem ma'nana.

Samentara metode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta metode deskriptif analisis. Ieu métode dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna dianalisis. Sacara etimologis, istilah déskripsi jeung analisis lain saukur miboga harti ngadadarkeun, tapi dibarengan ku maham tur mampuh méré pedaran nu gembheng (Ratna, 2015, kc. 53). Subana (2001, kc. 22) nétélakeun yén métode deskriptif mangrupa métode pikeun ngagambarkeun karateristik saujuratna nalika lumangsungna panalungtikan. Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis, anu tujuanna pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis struktur jeung semiotik nu aya dina novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah pikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA kelas XII.


3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta:

- 1) Tatahar
- 2) Ngumpulkeun data
- 3) Nganalisis data
- 4) Nyieun kacindekkan
- 5) Nyusun laporan

Sangkan leuwih jéntré, léngkah panalungtikan diluhur dijieun dina bagan saperti dihandap.

Bagan 3.1
Désain Panalungtikan




3.2 Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagemblengna eusi carita nu aya dina novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah. Anapon idéntitas novélna nyaéta ieu dihandap.

Judul : *Carita Budak Yatim*
 Pangarang : R. Hanapiah
 Medal : 2015
 Penerbit : Kiblat
 Kandel Buku : 128 kaca

Gambar 3.1

Jilid Novél *Carita Budak Yatim*



Nilik kana data di luhur, katitén yén sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta keretas atawa dokumén (*paper*). Lian ti éta aya ogé sumber buku-buku lianna nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

Didit Maulana, 2018

NOVÉL *CARITA BUDAK YATIM* KARYA R. HANAPIAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA
 DI SMA KELAS XII: *Ulikan Struktural jeung Sémiotik*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2.1 Déskripsi Novél *Carita Budak Yatim* Karya R. Hanapiah

Novél *Carita Budak Yatim* mangrupa novél karangan R. Hanapiah. Data biografi ngeunaan pangarang R. Hanapiah teu kapanggih boh dina sajeroning eusi novél boh di média séjén (internet). Nu kapanggih ngan informasi medalna wungkul, ieu novél téh medal munggaran taun 1924 ku penerbit Balé Pustaka. Satuluyna penerbit Kiblat Buku Utama nyitak ulang jeung medalkeun ieu novél bulan April taun 2015. Ieu novél medar ngeunaan lalampahan hirup budak yatim nu ditiggalkeun maot ku bapana waktu umurna opat taun, jumlah kaca ieu novél aya 128 sarta aya 12 sub-judul, diantarana *Carita Haén Barang mimiti*, *Bulan Puasa*, *Usum Ngahuma*, *Haén Minggat Ka Indungna*, *Kalakuan Haén di Lemburna*, *Haén Nuturkeun Dulurna Awéwé*, *Haén sakola*, *Haén Sanggeus Kaluar Ti Sakola*, *Jalma Alus Ngomong*, *Papanggih jeung Baraya*, *Hadéna Baé Sakola jeung Mimiti Tetep*. Patali jeung sajarah, ieu novél nu mimiti medal taun 1924 téh loba ngagambarkeun kaayaan jaman harita, boh dina masarakatna boh dina istilah-istilah nu aya dina eusi carita novélna.

3.2.2 Ringkesan Novél *Carita Budak Yatim*

Di hiji kampung nyaéta Kampung Cilubang, wewengkon Tanah Priangan belah kidul aya hiji budak nu ngarana Haén umurna 6 taun. Pagawéanna taya lian ti ngurus kebon anu dununganana ngarana Kang Tirta nu sabenerna mah dulur Haén kénéh ngan béda indung. Haén diberetek pisan kana gawé jaba sakapeng sok dirangkét, béda jeung putrana dunungan namina Jéés nu tara dititah digawé padahal gedéna sarua waé jeung Haén. Manéhna kacida pisan teu betaheunana malahan sakapeng cenah sok hayang minggat tapi bingung dék minggat kamana, nepi ka tungtungna datang Kang Barna nu ngaku lanceuk ka Haén padahal Haén sorangan teu wawuheun. Ku Kang Barna di béré nyaho yén manéhna téh bapana geus lila maot tapi ari indungna mah aya kénéh di Pasirkuda, deukeut Sukabumi. Lila kalilaan, Kang Barna nu ngarasa teu betah kusabab gawéna beurat badami jeung Haén dék minggat ka Pasirkuda nepangan indungna.

Lalampahan ka Pasirkuda téh teu deukeut, dijalanana ogé kudu dua peuting jaba loba ngaliwatan leuweung. Sanepina di Pasirkuda kabéh kulawarga gé

Didit Maulana, 2018

NOVÉL CARITA BUDAK YATIM KARYA R. HANAPIAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XII: *Ulukan Struktural jeung Sémiotik*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

rareuwaseun ningali Haén kaasup indungna, malahan indungna mah nepi ka ceurik ngadéngé cacaritaan Haén salila cicing di Kang Tirta nepikeun ka minggatna. Imah indung na téh lumayan lega kira-kira dua welas bau tur pinuh ku tatangkalan anu buahna ngareunah kayaning rambutan, dukuh, ganas, kadu, jeruk, buah, sawo jeung sajabana. Namung indungna nyarita ka Haén yén manéhna ngan sanggup méré dahar hungkul nu matak baheula dipasrahkeun ka Kang Tirta gé da ngarasa teu sanggup ngurus.

Satuluyna Haén milu kuli jeung Kang Barna ka Tuan Tanah, ngala reungit tina daun entéh supaya pucukna ulah buruk buruhna saratus dua ketip. Maranéhna ngalampahkeun kuli ngala reungit kurang leuwih tilu bulan, dituluykeun ku nyieunan posong pikeun ngala belut di sawah. Nepi ka hiji mangsa nalika Haén ulin di jalan ningali budak tumpak kuda diiringkeun ku duaan pada nanggung anu tuluy ku Haén ditanyakeun pamaksudanana dék kamana tuluy di jawab dék masantrénkeun budak ka Cianjur, ti dinya bijil karep Haén hayang masantrén. Haén tuluy bébéja ka indungna yén manéhna hayang masantrén, indungna panujueun tapi teu boga keur mekelan nepi ka tungtungna aya Kang Pura dulur sabapa na Haén anu ngajak ka Bumina di Cimérang. Didieu téh Haén betaheun pisan sabab najan pagawéana loba aya Maryun jeung Kang Pura nu Hadé budi pangrangina.

Heuleut dua bulan Haén di Cimérang, Kang Pura meuli imah di Pasirkuda deukeut imah indungna. Haén jadi balik deui ka Pasirkuda tapi cicing di imahna Kang Pura nu matak manéhna jeung Hajar ayeuna mah bisa ulin deui. Harita indungna geus bogaeun carogé, tapi ieu bapa téré Haén téh teu resepeun ka Haén sabab sakapeng indung na jeung Hajar sok méré dahareun ka manéhna. Malahan Hajar mah nepi ka di rangkét sabab kanyahoan sok mawa dahareun jang Haén, Hajar nepi ka maotna. Haén tuluy ngumbara ka Sukaraja nepangan Radén Haji Ali sabab boga karep hayang sakola. Ngadéngé karep Haén anu hayang sakola, Juragan Haji nitah nepangan alo na Endén Siti salakina Dén Karta nu aya di Sukabumi.

Sanepina di Sukabumi, Dén Karta anu jadi guru bantu bungaheun ngadéngé karep Haén téh tapi hanjakalna moal bisa diasupkeun ayeuna sabab nu mimiti asup kudu bulan Sawal. Satuluyna Haén asup ka kelas hiji, di sakola téh loba

Didit Maulana, 2018

NOVÉL CARITA BUDAK YATIM KARYA R. HANAPIAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XII: Ulikan Struktural jeung Sémiotik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panggih jeung baturan nu sok nyaritakeun lemburna, aya nu ti Sumedang, ti Garut, Tasikmalaya, Singaparna jeung sajabana. Sabada samen, Haén balik heula ka Pasirkuda tuluy neruskeun lalampahana ka Batawi, ka Bogor nepi ka tungtungna neruskeun sakola di pasisian tanah Bandung. Menang dua taun di Bandung, Haén balik deui ka lemburna di Pasirkuda anu ayeuna hadéna mah aya sakola najan jarakna rada jauh. Loba urang Pasirkuda anu milu sakola jeung Haén téh tapi lila kalilaan areureun sabab teu kuateun ku jarakna nu jauh. Nepi ka tungtungna Haén téh milu cicing jeung Juragan Guru ambéh deket ka sakola, nepi ka waktuna samen manéhna bisa kaluar menang diploma.

Sabérésna Haén menang diploma, manéhna tuluy balik ka Pasirkuda milu kuli jeung Kang Barna. Tapi teu lila manéhna nyuhunkeun widi ka indungna dék nyaba ka lembur baturana waktu sakola nyaéta di Sumedang. Haén tuluy indit nepungan baturanana di Sumedang nya éta Sukarma. Haén nu saheulaan cicing di bumi na, loba ngobrol jeung bapana Sukarma. Nepi ka ahirna kanyahoan yén bapana Sukarma téh baturan deukeut bapana Haén nyaéta Radén Haji Yahya baheula basa sok dagang. Bapana Sukarma ogé cumarita yén Radén Haji Yahya téh urang Singaparna, nu matak bijil karep Haén hayang nepungan baraya ti bapana di Singaparna. Lalampahan Haén dituluykeun ka Singaparna najan sempet kamalingan di Tasikmalaya nepi ka di tulungan ku awéwé nu bageur kacida, tungtungna manéhna nepi di Singaparna. Rada lila Haén cicing di lembur bapa na di Ciuyah, Haén tuluy ménta widi dék balik deui ka Pasirkuda. Haén balik tapi teu kana kareta api, nepi ka tungtungna nepi di lembur Cihideung. Di ieu pilemburan manéhna panggih jeung kiai nu boga pasantrén nu gening ieu kiau téh alo ka bapa na Haén, manéhna gé rewaseun ngadéngé Haén téh putra na Radén Haji Yahya.

Haén ditawarkan cicing di éta pilemburan tapi Haén embungeun kusabab hayang neruskeun lalampahana. Haén tuluy indit ka Garut, ka Situ Bagendit, ka Cipanas, ka Kawah Kamojang nepi ka tungtungna Haén balik deui ka imah indungna di Pasirkuda. Haén tuluy boga gawé di Pasirkuda téh, bari sautak-saeutik Haén hayang nebus kebon nu dijualan ku dulur-dulurna nu garedé di Pasirkuda. Sanggeus dalapan bulan Haén cicing di lemburna, manéhna hayang indit-inditan deui. Saacan manéhna indit, tuluy Haén panggih jeung Kang Barna anu ménta duit ka Haén jang pimodaleun usaha tuluy ku Haén di béré 25 rupiah.

Didit Maulana, 2018

NOVÉL CARITA BUDAK YATIM KARYA R. HANAPIAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XII: Ulikan Struktural jeung Sémiotik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Haén anu hayang nyaho kaayaan sisi-sisi laut di Sukabumi, tungtungna indit ka tempat pangubahan endog, endog penyu.

Kaitung menang 7 taun satengah Haén lunta ti imahna téh, Haén anu sempet gawé di kontrak tuluy jadi jurutulis di Cikidang téh tungtungna mah balik deui ka lemburna di Pasirkuda. Kang Barna anu asalna dimodalan ku Haén téh ayeuna mah usaha na geus maju pisan malahan kebon anu baheula di jarualan ku dulur-dulur na Haén téh, sadayana geus kabeli deui. Baraya-baraya anu walurat gé ku Haén dipasrahkeun ka Kang Barna sina diwarah dagang.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung panalungtikan. Jadi, téhnik talaah pustaka dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun data ku cara maca sumber data nya éta novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah dibarengan ogé ku data jeung sumber séjén anu ngarojong kana ieu panalungtikan. Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana nyaéta:

- 1) maca novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah
- 2) nganalisis data, ku cara nyirian unsur-unsur sémiotik nu aya dina objek panalungtikan
- 3) nyalin kana kode data sangkan data leuwih gampang diolah
- 4) nyieun bahan jeung instrumén évaluasi pangajaran tina hasil panalungtikan.

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan aya dua hal anu digunakeun, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 281) ngolah data téh nyaéta téhnik ngolah data anu dibenangkeun ku cara ngagunakeun rumus-rumus aturan anu saluyu jeung panalungtikan atawa desain nu digunakeun. Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh unsur structural jeung sémiotik anu aya dina novél *Carita Budak*

Yatim karya R. Hanapiah. Éta data diolah ngaliwatan téhnik analisis kana sumber data. Saupama data geus kakumpul, léngkah satuluyna nyaéta:

- 1) niténan deui anu geus kakumpul;
- 2) nyieun papasingan data;
- 3) mindahkeun sakabéh struktur jeung unsur sémiotik kana wangun tabél atawa instrument;
- 4) nganalisis struktur jeung unsur sémiotik nu aya dina novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah
- 5) Ngadéskripsikeun sktruktur jeung unsur sémiotik nu aya dina novél *Carita Budak Yatim* karya R. Hanapiah
- 6) Nafsirkeun kana sakabéh data anu kapaluruh
- 7) Nganalisis hasil analisis pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran
- 8) Nyieun pedaran tina hasil analisis
- 9) Nyieun kacindekkan ngeunaan struktur jeung unsur sémiotik dina novél *Carita Budak Yatim* pikeun alternatif bahan pangajaran di SMA kelas XII.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data anu fungsina pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya sangkan leuwih gampang diolah. Ieu di handap mangrupa gambaran kartu data anu dipaké dina ieu panalungtikan.

1) Instrumen Talaah Pustaka

Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta buku-buku anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

Tabél 3.1
Instrumén Katégorisasi Buku

No	Katégori	Idéntitas Buku
1.	Kabudayaan	
2.	Sastra	
3.	Kabasaan	

2) Kartu Data

(1) Kartu Data Analisis Struktur

<p>KARTU DATA</p> <p>Analisis struktur novél <i>Carita Budak Yatim</i></p> <p>karya R. Hanapiah</p> <p>(cutatan struktural dina novél <i>Carita Budak Yatim</i></p> <p>karya R. Hanapiah)</p>
--

(2) Kartu Data Analisis Semiotik

Tabel 3.2
Kartu Data Analisis Semiotik (Ikon)

No.	Kode	Data	Interpretasi

Tabel 3.3
Kartu Data Analisis Sémiotik (Indéks)

No.	Kode	Data	Interpretasi

Tabel 3.4
Kartu Data Analisis Sémiotik (Simbol)

No.	Kode	Data	Interpretasi

Conto kode : 1) CBY/2/3/9

Keterangan

CBY : Singgetan sumber data novél *Carita Budak Yatim*

/2/ : Sub judul

/3/ : kaca

Didit Maulana, 2018

NOVÉL CARITA BUDAK YATIM KARYA R. HANAPIAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA
DI SMA KELAS XII: *Ulikan Struktural jeung Sémiotik*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

/9/ : paragraf

(3) Kartu Data Analisis Bahan Ajar

Tabél 3.3
Instrumén Tabél Céklis Analisis Bahan Ajar

No	Kritéria Milih Bahan Ajar	Novél <i>Carita Budak Yatim</i> karya R. Hanapiah		Keterangan
		Luyu	Teu Luyu	
1	Tujuan nu hayang dihontal			
2	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa			
3	Dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna			
4	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan			
5	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa			

Didit Maulana, 2018

NOVÉL CARITA BUDAK YATIM KARYA R. HANAPIAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XII: *Ulukan Struktural jeung Sémiotik*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu